

# **SOAL BAHASA JAWA (PERSIAPAN USEK)**

## **PAKET A B C**

6

LATIHAN SOAL BASA JAWA PAKET A

- I. Wenehana tandha ping ( X ) ing aksara A, B, C utawa D sing koanggep wangsan sing paling bener!**

*Wacanen sing setiti !*

Busananing Raga

Busananing raga sing paling utama  
dudu akéhing bandha abyoring sesotya  
pedah apa raga binungkus busana adi  
yen jroning jiwa kebak leletheking busi  
adhi . . .  
  
prayoga amarsudi ayuning budi  
budi ayu, becik wicara lan pakarti  
busananing raga sing banget edi  
gumebyar amranani sapepadhaning janma  
nadyan sumbere ing jroning raga  
bandha lan abyoring sesotya busana njaba  
sing endahe mung kadulu netra  
  
ayuning budi bandha abyoring sesotya manunggal luwih sampurna

1. Geguritan ing dhuwur nyiritakake babagan apik lan eleke awak gumantung saka ....

A. Apike budi lan pakarti C. Bandha donya sing diduwensi

B. Klambi sing digawe D. Gelang, cincin emas sing digawe

2. Tembung **netra** ing gatra geguritan ing dhuwur ngemu teges ....

A. mripat B. kuping C. irung D. sirah

3. *Wacanen kanthi tliti!*

Bapak mundhut sepedha montor enggal. Anggenipun ngreyen sampun angsal 500 km. Miturut buku paugeran servis, kedah servis sepisan. Pramila lajeng dipunasta dhateng bengkel. Wonten ing bekel, lampu, rante, reting, busi, lan mesinipun dipuntiti, bokmenawi wonten ingkang kedah dipunsetel.

Sepedha montore bapak kudu digawa menyang service, ....

A. Amarga mari tiba lan lampune mati. C. Amarga anggone ngreyen wis oleh 500 km.

B. Amarga rusak lan rantene pedhot. D. Amarga arep digawe mlaku adoh.

*Wacanen kantih tliti!*

<i>Tenagane</i>	<i>isih</i>	<i>enom</i>	<i>kabeh,</i>	<i>dhasar</i>	<i>lulusan</i>	<i>saka</i>	<i>STM</i>		
Mesin.	Mula	ora	mokal	yen	oleh	ketrampilan	ing	babagan	mesin.
Tandange	cepet	cekat-ceket,	lan	alus	garapane.	Ora	nggumunake	menawa	wong kang nyervisake ing bengkel iku akeh, nganti padha antri.

Ukara sing katulis kandel ing wacan kasebut menawa diowahi dadi basa krama alus dadi ....

- A. Tenagane sampun enom sedaya.  
B. Tenaganipun isih enom sedaya.  
C. Tenaganipun taksih timur sedaya.  
D. Tenaganipun taksih timur sedayanipun.

5. *Wacanen kanithi patitis!*

Joko Seger Ian Rara Anteng muja semedi ing pucuke Gunung Lejar. Anggone muja semedi dikanheni rasa temen-temenan supaya kekarone keturutan duwe putra. Sanajan suwene patang puluh dina patang puluh bengi lan akeh panggoedhane, kakarone tetep manten muja semedi.

Watake tokoh crita kekarone ing dhuwur nduweni karen kang

- A. mencla-mencla C. angin-anginan  
B. gampang goyah D. temenan lan mantep

- ## 6. Wacanen kanthi patitis!

Jago Abang

Pas aku siap-siap arep budhal menyang sekolah, ndilalah ana pawarta ing televisi mawartakake babagan kobongan. Prastawa iku kedadeyan ing salah sawijining panggonan cedhak karo sekolahanku. Kedadeyan iku watara jam 2 esuk. Aku banjur kaget, eling karo kancaku sakelas sing manggon ana omah sing cedhak karo panggonan kobongan mau. Sajroning batin aku ndonga muga-muga kancaku ora apa-apa. Crita ing dhuwur kagolong Jenise cerita....

- A. narasi B. persuasi C. deskripsi D. argumentasi  
7. Gatekna tembang iki!

Padhang Bulan

Yo prakanca dolanan ing njaba,  
Padhang mbulan padhangane kaya rina,  
Rembulane kang angawe-awe,  
Ngelikake aia turu sore-sore.

Isi tembang dolanan ing dhuwur yaiku ngaiak dolanan ing ...

- A. lapangan sadurunge sekolah. C. wayah sore aja turu sore  
B. wayah sore sadurunge mangan D. wayah padhang rembulan

8. Ukara "*Padhang mbulan padhang kaya rina*" ing tembang dolanan ing dhuwur ngemu karep padhang kaya  
....

A. sinare srengenge C. sinare lampu  
B. wayah awan D. wayah tengah wengi

9. Tuku sega soto, yen ditulis neanggo aksara Latin dadi ....



10. Linggar lan Nur sekolahe rada adoh. Kamangka anggone mangkat mung numpak sepedha onthel. Jam 06.00 esuk Linggar wis rampung adus lan nganggo seragam sekolah kang disetlika mlithit. Senajan mangkono Linggar lan Nur tetep gumregut anggone sekolah. Bocah loro iku uga ora tau keri anggone sekolah amarga wis bisa ngira-ngira lakune tekan sekolahahan mbutuhake wektu pirang menit. Linggar banjur sarapan bareng karo bapak, ibu, lan Nur. Linggar lan Nur salaman karo bapak lan ibune.

Gagasan pokok paragraf ing dhuwur yaiku ....

- A. budhal sekolah
  - B. rampung adus lan sarapan
  - C. jarak sekolah lan omah
  - D. budhal numpak sepeda

- ## 11. Alun – Alun Wayah Sore

Alun – alun ing kuthaku diapit karo bangunan penting. Ing wetan ana pendhapa kabupaten kang *endah asri*. Ing sisih kulon ana masjid jami' lan penjara. Yen madhep mangidul katon tharik-tharik toko pecinan, dene ing sisih elore ana kantor polisi lan gedhung sekolah SMP Negeri 1. Jenenge wae alun-alun, dadi ya bunder ser.

Tembung kang kacithak miring ing paragraf dhuwur tegese ....

- A. ala B. apik C. seger D. amba

- #### **Bebayane Mbuwang Sampah Sembarangan**

Ing wayah rendheng larahan utawa sampah-sampah mau akhire mbunteti dalam banyu. Ing kutha-kutha apa maneh. Kalen-kalen ing antarane perumahan iku dadi kebak larahan. Ana botol plastik,bungkus jajan, tas kresek, godhong, sayuran, lan sapanunggalane.

Yen udane deres banget, kalen-kalene buntet, akhire banyune mbledug ing dalan-dalan Suwe-suwe banyune dadi mambeg saenggon-enggon. Apa maneh yen ora banjur? Alon-alon banyune saya dhuwur anguk-anguk ing plataran omah. (*Tantri basa kls 5*)

Isine pawarta ing paragraf siji yaiku ...

- A. Sampah ambune banget banget
- B. Mbuwang sampah sembarangan
- C. Udane deres banget kalen-kalene buntet
- D. Mbuwang sampah sembarangan bisa mbuntet dalam banyu

13.

#### **Banjir Bandhang lan Longsor Trenggalek**

Prahara banjir bandhang lan tanah longsor mau kelakon ing dina Selasa, 16 Agustus 2016 tabuh 22.00 WIB, sawise udan deres meh sedina sewengi ora Jeren. Prahara lemah longsor kang nggawa korban jiwa 1 asal desa Senden, Kecamatan Kampak, lagi surut lan bisa ditanganu ing ing dina Rabu, 17 Agusutus 2016.

Prahara banjir bandhang kang medhotake kretek ing dalan sing ngubungake kecamatan Kampak-Munjungan lan Kampak-Gandusari uga ngrendhem ewonan omah. Pedhote kretek mau nyebabake bantuan kanggo korban prahara banjir bandhang sing diliwatake BPBD ora bisa dikirim kanthi lancar. (*Tantri basa kls 6*)

Kepriye kahanane omah-omah sawise banjir bandhang ....

- A. Wargane mrihatinake.
- B. Lemahe longsor kabeh.
- C. Akeh wong mbuwang sampah.
- D. Omah-omah padha karendhem.

14. Pak Slamet tansah takon anake bab carane migunakake komputer.

Ukara ing dhuwur paribasane ....

- A. Kebo nusu gudel
- B. Kebo kabotan sungu
- C. Bathok bolu isi madu
- D. Kere munggah mbale

15. Biyen uripe tansah rekasa nanging saiki katon ....

- A. salang tunjang
- B. ajur mumur
- C. sugih brewu
- D. padhang sumilak

16. Kabeh kudu nuntut ilmu,

Kanggo pedhomane urip,  
Neng ndonya lan neng akhirat,  
Dene ilmu dipahami,  
Mula akeh keuntungane,  
Lan ketentreman urip.

Isine tembang macapat Kinanthi ing dhuwur yaiku ...

- A. nuntut ilmu
- B. pedhomane urip
- C. ketentreman
- D. ndonya lan akhirat

17. Bener luput ala becik lawan begja,

Cilaka mapan saking,  
Ing badan priyangga,  
Dudu saka wong liya,  
Pramila den ngati-ati,  
Sakeh dirgama,  
Singgahana den eling.

Guru wilangan lan guru lagune gatra katelu tembang Durma ing dhuwur yaiku ...

- A. 6 a
- B. 7 b
- C. 8 i
- D. 12 a

18. Raden Janaka satriya panengahing Pandhawa putrane Prabu Pandu Dewanata lan Dewi Kunti kesatriyane ing Madukara. Wujude satriya bagus tanpa cacat. Ing jagad ora ana tandhingane kebagusane amarga Janaka minangka

symbol amal becik Amal becik ora bisa pisah klawan swarga, kudu tumindak becik lan tindakake tuntunaning agama kanthi temen

### Amanah crita ing dhuwur yaiku

- A. tuntunaming agama  
B. satria bagus tanpa cacat  
C. mujudake turindak becik  
D. ora ana tandhingane bab kebagusane

<sup>19</sup> Nalika dadi muride Pandhita Durna, Pandhawa wis biasa ngatonake kepinteran lan keprigelane. Raden Aryuna prigel menthang gandhewa lan trampil migunakake keris. Raden Werkudara dhasar gagah prakosa kondhang kagungan sanjata kuku Pancanaka lan gada Rujakpolo. Pandhawa katon luwih prigel ketumbang murni liyane. Ewa semana, ora tau lan panceen ora seneng pamer kadigdayan. Malah watake andhap-asor, lembah-manah, lan ngayens marang saperadhang. Sumber : [caritawayang.blogspot.com](http://caritawayang.blogspot.com).

Sumber : caritawavang.blospot.com

Watake Werkudara ana wacan ing dhuwur yaiku ...



20

## ՀԱՅԱՍՏԱՆԻ

Tulisan Jawa iku yen diwaca dadi ...

- A. sekolah bareng C. sekolah pertama  
B. sekolah sareng D. sekolah menengah

2

Asara Jawa ing dhuwur oleh pasangan ... lan ...

- A. ha lan ja      B. ka lan ta      C. ba lan ka      D. dha lan la

22

Taman Nasional Baluran

Taman Nasional Baluran kuwi salah sijine cagar alam utawa hutan lindhung sing wis ditetepake dening pemerintah. Ekosistem sing asli ing Taman Nasional Baluran awujud padhang savana, alas mangrove, alas tropis, pesisir, rawa, lan pegunungan. Ana 444 jenis tanduran, 155 manuk, lan 26 mamalia. Mamalia sing paling misuwur yaiku banteng.

Ukara inti wacan ing dhuwur yaiku ....



23

## Nyegah Penyakit Demam Berdarah

Supaya kalis saka penyakit *demam berdarah* kudu dikulinakake urip sehat kanthi cara nindakake 3M. yaiku nutup waduh banyu, nguras tandhon banyu, mendhem barang-barang rongsokan. Saliyane iku omah lan prabotane sarta pekaranganane kudu tansah resik tinata. Aja nganti ana banyu sing mambeg.

Kesimpulan wacan ing dhuwur yaiku

- A. Carane nyegah penyakit *demam tipes*  
B. Carane nyegah penyakit *demam nularia*

C. Carane nyegah penyakit *demam muntaber*  
D. Carane nyegah penyakit *demam bandeng*

24. Saben dina bagus lan kanca-kancane nindakake piket kelas. Marsela nyaponi kelas, dene kacane disulaki Bagus. Tandurung digemari dening Mira.

Tembuna karo misunakaka ater-ater anuwara yaiku



25 PLUGGING

Bapak-pucung bisa ngegerang bisa mbengung

#### **Naambah sumantara**

Jaya manuk rajawali

Wira-wiri nggawa barang Jepara

Tembang macapat ini dibawakan oleh

- A. becak                      B. sepur                      C. kapal                      D. motor mabur

## 26. (1) Tembang Jurudemung

- (2) tembang pangkur
  - (3) tembang mijil
  - (4) tembang wirangre
  - (5) tembang pamular
  - (6) tembang sinom.

## Kang kalebu tembang macapat waikii

- A. 1, 4, 6      B. 2, 3, 6      C. 3, 4, 5      D. 4, 5, 6

• 27. Tembang kang nduweni ciri-ciri guru satra 4, guru wilangan lan guru jagu 12u, 6a, 8i

- 12a yaiku tembang ....

A. Miil B. Sinom C. Pucung D. Pangkur

28. Bocah kuwi – mulane disengenji kancana

Paribasan kang matruk kanggo naisi cecek-cecek ing dhuwur yaiku



29. Ancik-ancik pucuking eri. Bebasan iku tegese.

- A. Urip tansah kuwatin  
B. Ora bisa nyimpen wadi  
C. Ora teteg atine, gampang molah malih  
D. Kakehan omong nanging ora ana nyataane

30. Lawa lima kalong telu dadi pira? Batangane cangkriman iku ....

- A. 3      B. 2      C. 8      D. 5

### 31. Tamune ... mulane majangs kosong.

Ukara ing dhuwur isine kang mathuk yaiku ....

- A. Bocor malah kebak  
B. Disuguhi opak angin  
C. Dikethok malah dhuwur  
D. Sega sakepel dirubung tinggi

32.Nanas iku batangane cangkriman kang unine ....



33. Puja lan puji syukur sumangga sami kita aturaken dhumateng Gusti Ingkang

Maha Agung, ingkang sampun paring kawilujengan, saengga ing wekdal punika dipun pangihaken ing pasamuan ngriki.

Minangka wakilipun kanca-kanca kelas 6, kula ngaturaken agunging panuwun, dene

bapak saha ibu sampun kersa rawuh ing pasamuan ingkang kula wontenaken punika.

Pasamuan punika minangka raos

- A. Raos syukur kelas 6 saged lulus sedaya C. Puji syukur dhateng Gusti pinaringan kawilujengan

## B. *Vimlaug*

#### **Techniques**

Assalamualaikum warrohmatullohi

## Dhumateng Bapak Kepala Sekolah

## Dhumateng Bapak lan Ibu guru

Hadirin ingkang kula tresnani

Mangga kita sesarengan njunjungaken puja lan puji syukur dhumateng. Gusti Allah SWT amargi sampun maringi berkah lan karunia. Saengga kita sedaya saged makempal sesarengan kanthi sehat wal afiat. Mila saking menika para bapak-ibu kita tansah paring tuladha dhateng putra-putri kita.  
Bagian teks pidhato ing dhuwur kagolong ...

- A. Salam-salaman      B. Isi pidhato      C. Salam pambuka      D. Panutup pidhato
35. Cekap semanten atur kula menawi wonten lepat, nyuwun pangapura.  
Bagian teks pidhato ing dhuwur kagolong ...
- A. Pembuka      C. Salam pembuka  
B. Isi pidhato      D. Penutup pidhato

## II. Wangsulano pitakon-pitakon ing ngisor iku!

36. Kancil kang Pinter

Ing pinggir kali gedhe pinggir alas, ana baya ketindhikan kayu. Baya bengok-bengok njaluk tulung. Pas kebeneran ana kebo liwat. Kebo welas marang baya. Nanging kebo ora wani nulungi, awit wedi marang baya kuwatir yen dimangsa. Kebo gelem nulungi angger baya janji ora bakal nyokot kebo. Baya nyaguhi panjaluke kebo. Nuli kayu kang nindhihi baya disundhang nganti uwal saka awake baya. Baya bisa mlaku banjur nyokot punuke kebo.

Kebo bengok-bengok. Krungu swara bengok-bengok kancil nyedhaki banjur takon karo kebo. Kebo crita saka wiwitan nganti pungkasan. Kancil takon baya, baya kepeksa nguculake cokotan lan kandha menawa omongane kebo goroh. Kancil prentah kebo supaya mbalekake kayu kang tumumpang awake baya. Kancil arep weruh sanyatane supaya bisa netepake endi kang bener lan luput. Maune baya wegah, tapi suwe-suwe manut kandhane kancil.

Kebo age-age numpangake kayu ing gegere baya nganggo sungune. Wekasane kancil ngajak kebo lunga saka kono. Baya njaluk tulung nanging ora direwes.

Sapa kang dadi paraga (tokoh) crita ing dhuwur lan kepriye watake?

Wangsulan : .....

37. Ukara ngisor iki owhana dadi aksara Jawa!

Kadir dicokot nyamuk.

Wangsulan : .....

38. Bung Karno melu berjuwang ing pergerakan kebangsaan wiwit isih mahasiswa banjur ngadegake "*Algamene Studie Club*" ing Bandung lan majalah "*Suluh Indonesia Muda*". Panjenengane kerep nyerat ing surat kabar bab idham-idhamane bangsa Indonesia.

Tulisen dudutan isine teks informasi ing dhuwur!

Wangsulan : .....

39. Golekana tegese ukara cangkriman ing ngisor iki!

Cecek ing ndhuwure lawang menawa diilangi dadi apa?

40. Coba nggawea ukara kango pambukane pidhato loro wae, kanthi tema "Perpisahan".

Wangsulan : a. ....

b. ....

LATIHAN SOAL BAHASA JAWA PAKET B

## 1. Kreteg kayu

Sinambung karya ing dina Minggu  
Ndandani kreteg kayu rame-rame bebarengan  
Tumandang gawe sowang-sowangan  
Datan nggresula jroning kalbu  
Geguritan ing dhuwur iku isine . . .

- A. Nyambut gawe ing dina Minggu
  - B. Dina minggu gotong-royong ndandani kreteg kanthi ikhlas
  - C. Nyambut gawe sing ikhlas bebarengan
  - D. Nyambut gawe rame-rame bebarengan

## 2. Sapu Sada

Jumat astri

Resik Jan sehat

### *Cancut tali wanda*

Nandur kabecikan

## Cilik gedhe bagus ayu

Ora mung padha gumuyu

Ora tinggal glanggang colong playu

Tumuju adiwiyata murjh rahayu

Tembung sing kacethak miring ing geguritan dhuwur iku tegese....

- A. seneng                      B. nyambut                      C. resik lan                      D. guyub  
banget                          gawe                            sehat                                rukun

3. Energi mujudake sawenehe bab kang wigati tumrap uripe manungsa ing donya, awit sakabehe wujud tumindak utawa kegiatane manungsa mbutuhake energi. Energi sing asale saka minyak, mineral alam, lan batu bara ora bisa didandani utawa dianyari. Mula, tumrape manungsa ora ana pilihan kajaba gemi ( irit ) nggunakake energi.

Kita kudu gemi nggunakake energi amarga....



4. Musim udan padha karo musim banjir padha teka. *Got-got kang kasumpet kudu diresiki supaya banjir ora mara*. Lingkungan sakupenge kita kudu dijaga amarga udan sawayah-wayah bisa teka. Lelara padha ngincer manungsa mula kuwi ayo padha niaga lingkungan supaya lelara ora teka banjir ora ana.

Ukara kang kacithak miring ing wacan dhuwur iku yen diowahi nggangeo basa krama alus waiku

- A. Got-got kang kasumpet kedah diresiki supaya banjir ora mara.
  - B. Got-got ingkang kasumpet kedah diresiki supaya banjir ora mara.
  - C. Got-got ingkang kasumpet kedah dipunresiki supados banjir mboten dugi.
  - D. Got-got kang kasumpet kedah dipunresiki sunados ora mara.

5

## Grojogan Roro Kuning

Sawise Prabu Erlangga seda, kraton Kahuripan kaperang dadi loro yaiku Jenggala lan Panjalu. Kango ndadekake kraton loro dadi siji maneh. Raja Jenggala sarujuk besanan karo Raja Panjalu. Raja Jenggala

kagungan putra kakung asmane Raden Inu Kertapati. Dene Raja Panjalu saka garwa Prameswari kagungan putri asmane Dewi Sekartaji lan saka garwa selir kagungan putri asmane Galuh Ajeng.

Amarga Dewi Sekartaji luwih ayu lan apik budi pakertine yen katandhing karo Galuh Ajeng, mula Raden Inu Kertapati milih Dewi Sekartaji minangka jodhone. Galuh Ajeng sing serik atine banjur golek dalan kango ningkirake Dewi Sekartaji. Saka dhukun tenung Galuh Ajeng oleh endhog sing wis dijampi-jampi kango disisipake ing dhaharane Dewi Sekartaji.

Dewi Sekartaji ana crita ing dhuwur nduweni watak....

- A. serik atine
- B. kejem lan kasar
- C. ala budi pakertine
- D. apik budi pakertine

6. *Wacanen kanthi setiti!*

Nandur empon-empon

Dhek dina minggu aku lan ibuku menyang kebonan. Kebonanku rumbuk suket. Suket iku ora ana gunane. Suket iku banjur dakresiki karo ibuku. Sawise dakresiki, kebonanku daktanduri lan dakpaculi Juwih dhisik. Aku lan ibuku nandur jahe, kencur, puyang, laos, kunir, lan sapanunggale.

Wacan ing dhuwur kalebu jinise karangan . . .

- A. deskripsi
- B. eksposisi
- C. narasi
- D. persuasi

7. *Padang Bulan*

Yo prakanca dolanan ing njaba,  
Padhang mbulan padhang kaya rina,  
Rembulane kang ngawe-awe,  
Ngelingake aja turu sore-sore.  
Isi tembang dolanan ing dhuwur medharake rasa...

- A. seneng.
- B. wedi
- C. susah
- D. gething.

8. *Kupu Kuwi*

Kupu iku dak incupe,  
Mung aburmum ngewuhake,  
Ngalor ngidul ngetan bali ngulon,  
Mrana-mrene mung saparan-paran,  
Sapa bisa ngincupake,  
Mentas menclok cegreg,  
Nuli mabur bleber.

Mung aburmum ngewuhake, tembang **ngewuhake tegese...**

- A. angel banget
- B. gampang banget
- C. adoh banget
- D. cedhak banget

9. Grup pecinta alam saka Surabaya kasil ngibarake gendera abang putih ing pucuke Gunung Semeru.

Tembung abang putih yen ditulis nganggo aksara Jawa yaiku....

- A. **ମୁହଁର ପ୍ରତିକ୍ରିୟା**
- B. **ମୁହଁର ପ୍ରତିକ୍ରିୟା**
- C. **ମୁହଁର ପ୍ରତିକ୍ରିୟା**
- D. **ମୁହଁର ପ୍ରତିକ୍ରିୟା**

10. *Perpustakaan Sekolahku*

Perpustakaan sekolahku gedhe banget, ambane kurang luwih 25X 35 m. Ing jerone akeh rak-rak buku kang sinusun rapi manut jinis buku-bukune. Ing sajrone perpustakaan sumimpene buku-buku ewonan cacahé. Ing ngarep rak-rak buku mau ana sedheretan kursi lan meja sinau kang lumrah digunakake dening pengunjung kango maca utawa nggarap tugas-tugas.

Gagasan pokok paragraf ing dhuwur, yaiku ....

- A. Ambane kurang luwih 25 X 35m
- B. Perpustakaanku gedhe banget
- C. Ing jerone akeh rak-rak buku
- D. Perpustakaan sekolah

11.

Alun-alun Wayah Sore

Alun-alun ing kuthaku diapit karo bangunan penting. Ing sisih wetan ana pendhapa kabupaten kang endah asri. Ing sisih kulon ana masjid Jami' lan penjara. Yen madhep mangidul katon tharik-tharik toko pecinan. Tegese tharik-tharik ing wacan dhuwur iku....

A. jejer loro

C. jejer-jejer

B. adhep-adhep

D. ungkur-ungkuran

12.

Banjir lan udan dikantheni angin gedhe ing Dusun Timur, Desa Jalmak, Kecamatan Kota Sampang, Jawa Wetan.

Bencana mau ngobrak-ngabrik tanduran parine para tani nganti bosah-basih. Pari sing maune thukul ngadeg jejeg, saiki dadi nglumbruk, nglimpruk nganti lesoh, ora karu-karuwan. Para tani mbudidaya njejegake parine supaya ora kesuwen kakum banyu udan.

Ukara ing ngisor iki sing trep karo wacan ing dhuwur yaiku...

A. Banyu lan udan ing Jawa Wetan.

B. Bencana banjir ngobrak-abrik tanduran jagung.

C. Parine dadi nglumbruk.

D. Para tani mbudidaya njejegake pari-parine.

13. Grahana Srengenge Total 2016

Dhek dina Rebo, tanggal 9 Maret 2016 dumadi grahana srengenge total saengga peteng dhedhet ing sadhengah tlatah Nuswantara. Kadadean alam kang kalebu langka kasebut dumadi ing 12 tlatah propinsi, ndadekake para warga padha kepengin weruh lan ngalami kahanane nalika grahana srengenge.

Kepriye kahanane nalika ana grahana srengenge total....

A. peteng dhedhet

C. padhang jingglang

B. remeng-remeng

D. padhang bulan

14. Gatekna wacan ing ngisor iki!

Jaman saiki akeh wong tuwa padha bingung. Apa maneh yen nduwe anak wadon. Bingunge wong tuwa mau amarga ngawasi tingkah polahe pasrawungane arek nom-noman kang wis ora kena diatur. Akeh wong tuwa padha kuwaitir marang anak-anake yen salah pasrawungane.

Paribasan kang cocok karo wacan ing dhuwur, yaiku ....

A. Kebo nusu gudel

C. Asu arebut balung

B. Anak polah bapak kepradah

D. Kriwikan dadi grojogan

15. Pak Guntur iku sugih pangapurane. Pak Guntur iku ....

A. kandel kupinge

C. abang lambene

B. abang kupinge

D. jembar segarane

16. Titipane anak putu,

Alam endah edi peni,

Den jaga mrih lestari,

Aja lali den pengudi,

Temah jaya lan sentosa,

Ayem tentrem kita sami.

Tembang macapat ing dhuwur isine . . . .

A. Njaga alam seisine

C. Njaga alam supaya lestari

B. Njaga alam supaya lestari tur urip mulya

D. Njaga alam supaya urip ayem tentrem.

17. Gunung-gunung aneng burniku Pertiwi,

Merak ati endah,

Gunung Bromo tur Merapi,

Agung Kerinci Arjuna.

- Guru wilangan lan guru lagune gatra katelu tembang ing dhuwur yaiku....  
 A. 12 i B. 6 a C. 8 i D. 4 i

18. Prabu Puntadewo iku satriya pembarepe Pandhawa. Asmane sing dadi pocapan yaiku Yudhistira, jumeneng nata ing Ngamarta. Putrane Dewi Kunthi lan Prabu Pandhu Dewanata.  
 Prabu Puntadewo iku jujur, ora nate goroh, lan ora kersa perang, mula ora duwe gaman.  
 Pesen moral crita ing dhuwur, dadi uwong iku.....  
 A. kudu jujur C. ora duwe gaman  
 B. seneng perang D. seneng goroh

19. Raden Janaka (Arjuna) satriya panengahing Pandhawa, putrane Prabu Pandhu lan Dewi Kunthi kesatriyane ing Madukara. Wujude satriya bagus tanpa cacat. Ing jagad ora ana tandhingane bab kebagusane amarga Janaka minangka simbol amal becik. Amal becik ora bisa pisah klawan swarga, kudu tumindak becik lan nindakake tuntunaning agama kanthi temen.  
 Watake Raden Janaka ing crita kasebut yaiku....  
 A. angkara murka C. ninggal tata karma  
 B. murang tata D. becik lan tinata

20. Adhik lagi (गुरु गुरु गुरु) Aksara Jawa iku yen ditulis Latin ....  
 A. mangan Puli B. mangan Srabi C. mangan teri D. mangan roti

21. (॥ उ० ए० न० ए० उ० ए०) Aksara Jawa ing dhuwur iku, nganggo aksara pasangan ....  
 A. ॥० ए० न० ए० उ० ए० B. ०० ए० न० ए० उ० ए० C. ०० ए० न० ए० उ० ए० D. ०० ए० न० ए० उ० ए०

22. **UWUH**  
 Uwuh utawa sampah tambah dina ora suda nanging tansaya tambah nganti matikel-tikel. Kahanan mau bisa didelok ana sakiwa-tengene awake dhewe. Uwuh mumbruk ing ngendi-endi nyepeti mripat ambune ndulek irung. Uwuh plastik pating kleler ing sadhengah papan. Bisa dibayangke piye kahanan bumi iki mbesuke,yen uwuh ora dikelola kanthi becik.  
 Ukara inti ana ing wacan dhuwur yaiku,,,,,  
 A. Uwuh mumbruk ing sadhengah papan. C. Uwuh plastik kleleran ing sadhengah papan.  
 B. Uwuh ora dikelola kanthi becik. D. Uwuh ambune nyumpeti irung.

23. Wacanen paragraf ing ngisor iki!  
 Alas iku kudu dilindhungi lan dijaga. Ngrawat lan nglindhungi alas sing gundhul bisa ditindakake kanthi gerakan reboisasi. Reboisasi yaiku nandur tanduran ing alas kang gundhul. Yen alas dijaga, kewan sing ana ing alas ora kelangan habitate lan bencana banjir utawa tanah longsor bisa dicegah.  
 Teks ing dhuwur dudutane yaiku....  
 A. Mbabat alas lan reboisasi iku kanggo njaga lingkungan  
 B. Njaga lingkungan ing alas  
 C. Bedane *illegal logging* karo reboisasi  
 D. Alas gundhul bisa nyebabna banjir

24. **Trenggiling Satwa Langka kang Asring Dislundupake**  
 Durung suwe iki petugas Bea Cukai Bandara Internasional Juanda Surabaya ing Sidoarjo, Jawa Timur kasil ngagalake upaya panylundupan ekspor kewan trenggiling kang dilindhungi menyang luar negeri. Trenggiling kang kabeh bobote 1.390 kg iku nedya diekspor menyang negara China. Manut pangandikane Kepala Kantor Wilayah Bea Cukai Jatim 1....

Ater-ater anuswara sing bener ing wacan dhuwur yaiku....

- A. nggagalake      B. diekspor      C. dilindhungi      D. panylundupan.
25. Ayo pra muda taruna,  
Ngisi kamardikan mbela nagari,  
Ngudi ilmu dimen maju,  
Tansah laku trapsila,  
Reksanen budaya bangsa kanthi laku,  
Mrih raharja nuswantara,  
Gemah ripah loh jinawi.  
Gatra kapitu tembang ing dhuwur tegese....
- A. tata tentrem      B. adil makmur      C. kerta raharja      D. subur makmur
26. (1) Pucung      (4) Kinanthi  
(2) Lir- ilir      (5) Sinom  
(3) Gajah- gajah      (6) Menthog- menthog  
Tembang ing dhuwur kang kalebu tembang macapat yaiku ...  
A. 1, 2 dan 3      B. 1, 4 dan 5      C. 2, 3 dan 6      D. 2, 4 dan 6
27. (1) Nduweni wantak wantah  
(2) Guru gatrane ana 9  
(3) Sasmitane taruna, srinata, ron kamal, pangrawit, logondhang  
Tembang macapat sing nduweni ciri ing dhuwur iku yaiku ...  
A. mijil      B. sinom      C. maskumambang      D. pangkur
28. Omongane ora kena dipercaya, esok dhele sore....  
A. tahu      B. jagung      C. tempe      D. kacang
29. Wiwit esuk kok tukaran bae, kaya banyu karo lenga.  
Tegese bebasan iku....  
A. Wong sing rukun banget      C. Wong sing senengane madio  
B. Wong sing bedhigasan      D. Wong sing ora bisa rukun
30. Sega sakepel dirubung tinggi  
Batangane parikan ing dhuwur yaiku ....  
A. salak      B. nanas      C. andha      D. clana
31. Pitik walik saba ....  
A. sawah      B. kebon      C. gunung      D. omah
32. Cangkriman sing mathuk kanggo batangan "andha" yaiku ....  
A. Pitik walik saba meja      C. Emboke dielus-elus, anak diidak-idak  
B. Dikethok malah dhuwur      D. Sega sakepel dirubung tinggi
33. Assalamu 'alaikum Wr. Wb  
Anak-anakku kelas 6 sing ibu tresnani, Alhamdulillah tekaku ing kene ndadekake bungah uga ndadekake susah kabeh sing ana ing aula iki. Ujian wis klakon kanthi apik, kabeh mau, ya saka upayamu kang kasengkuyung dening sakabehe warga sekolah, bapak ibu sakeluargamu. Sadhela maneh kowe bakal ninggalake sekolah iki.  
Isi pidhato ing dhuwur bab ....  
A. Unggah-ungguh      C. ujian sekolah  
B. pepisahan      D. rekreasi

34 Teks I

Pidhato Ujang Tau

Assalamualaikum, puji syukur kita haturaken wonten ngarsanipun Gusti Allah ingkang Maha Kuwaos, ingkang wekdal menika maringi rahmat saha hidayahipun, saengga saget makempal ing acara menika " Ulang Tahun adhik kula " mugi-mugi kanthi tambahing yuswa dados sregep sinau lan ngedohi tumindak ingkang awon.

## Teks II

Assalamualaikum, ingkang kinrmatan bapak RT dan RW saha bapak Ibu ingkang minulya. Wonten ing dinten menika kula panjenengan sedaya ngawontenaken tirakatan kaliyan ndonga sesarengan. Mugi mugi Indonesia dipunparangi aman, tentram, lan loh jinawi. Amiiin.

- Bedane teks pidhato resmi lan ora resmi ing dhuwur ....

  - A. Teks I kalebu resmi teks II kalebu ora resmi
  - B. Teks I kalebu ora resmi lan teks II kalebu resmi
  - C. Teks I lan teks II kalebu resmi
  - D. Teks I lan teks II kalebu ora resmi

35

Ing wekdal menika kepareng kula ngaturaken bab perlunipun tansah njagi kasarasananan badan awit kanthi badan ingkang saras kita sajet pindakaken manara kemewuh pakarjen ingkang kedah kita tiidakken.

Perangane pidhato ing dheweun disesai

- a. purwaka                          b. surasa basa                          c. pongarap asap                          d. salam pambuka

**Wangsalana pitaken-pitaken ing ngisor iki kantiki banjur!**

36 Arjuna Winata

Kacarita Raden Arjuna jengkar saka kasatriyan Madukara. Nedyia semedi ana ing gunung Indraloka. Raden Arjuna duwe watak kang becik tur luhur. Raden Arjuna disraya para dewa supaya bisa nyirnakake ratu buta kang asesilih Prabu Newatakawala saka negara Imantaka. Ratuning buta iku mau kepingin nggarwa Dwi Suci, nanging dia uga ngaruhake dudu lan dilengketake. Raden Arjuna uga ngaruhake dudu lan dilengketake.

Suprava, hanging para dewa ora malingke wusala dadi perang gedhe. Sama punya (takab) utamana wusana ieu dhunungan kening nyalah?

37. "Bandi sinau maca" Tulisen nganggo aksara Jawa!

38. Wong kang nduweni lelabuhan gedhe turrap kaciptane lampu yaiku Thomas Alva Edison. Thomas Alva Edison yaiku wong kapisan kang kasil nemokake lampu listrik. Awit lelabuhane Thomas Alva Edison, kita bisa ngrasakake paedahe lampu minangka sumber cahya kang ana ing omah, dalan, sarta papan-papan liyane.

Apa kesimpulan saking wacan ing dhuwur iku?.....

39. Ana ing buri omahku akeh wit gedhang kang padha nguwoh. Nalika aku nyawang mendhuwur ana “ Pak demang klambi abang, yen disogok manthukf-manthuk.

Apa maknane cangkriman ing dhuwur?.....

40. Gawea 2 ukara pembuka pidhato sing nduwéni tema "Perpisahan".

## LATIHAN SOAL BASA JAWA PAKET C

- I. Wenehana tandha ping ( X ) ing aksara A, B, C utawa D sing koanggep wangulan sing paling bener!

1. *Sapu Sada*

Jumat asri

Resik lan sehat

Cancut tali wanda

Nandur kabecikan

Cilik gedhe bagus ayu

Ora mung padha gumuyu

Ora tinggal glanggang colong playu

Tumuju adiwiyata murih rahayu

Isi geguritan ing dhuwur yaiku ....

A. resik lan sehat

C. mujudake adiwiyata

B. cancut tali wanda

D. glanggang colong playu

2. Lintang-lintang

Lintang-lintang abyor *ing tawang*

Cumlorot sliweran nalika alihan

Kumleyang menclok ing socamu asihku

Cahyane gumebyar sunare gilar-gilar

Ing telenge atimu sliramu tansah dakantu

Miturut geguritan ing dhuwur, tembung *ing tawang* tegese....

A. segara

B. bulan

C. langit

D. gunung

3. *Wacanen kanthi setiti, banjur wangslana pitakon ing ngisor!*

Bawang Abang mara menyang omahe Nini Buto Ijo. Dening Nini Buto Ijo, Bawang Abang dikongkon ngrewangi masak, nanging Bawang Abang ora gelem merga ora tau masak. Bawang Abang dikongkon mulih dening Nini Buto Ijo. Bawang Abang uga diwenehi waluh. Bawang Abang seneng, ora srantan, satekane omah waluh langsung disigar. Sawise waluh disigar, Bawang Abang jerit-jerit merga isine cacing, ula, klabang, lan kalajengking. Bawang Abang mlayu keweden.

Nalika mulih Bawang Abang atine seneng, amarga ....

A. ora ngrewangi masak Nini Buto Ijo.

C. dikongkon mulih dening Nini Buto Ijo.

B. mara menyang omahe Nini Buto Ijo.

D. diwenehi waluh dening Nini Buto Ijo.

4. *Wacanen kanthi setiti, banjur wangslana pitakon ing ngisor!*

Dina Sabtu lan Minggu sajroning liburan semester kepungkur bocah-bocah kelas nem SDN Tanggungan Gudo nganakake perkemahan sabtu malam minggu ing Bhumi Perkemahan Wonosalam, Kecamatan Wonosalam, Kabupaten Jombang. Jam pitu esuk dina Sabtu, bocah-bocah lan Bapak Ibu Guru wis padha ngumpul ing sekolahana. *Lungane numpak bis Indah Jaya*.

Ukara sing katulis kandel yen diowahi dadi basa krama alus benere....

- A. Budhalipun numpak bis Indah Jaya.  
B. Budhalipun nitih bis Indah Jaya.  
C. Tindakipun nitih bis Indah Jaya.  
D. Tindakipun numpak bis Indah Jaya.
5. Gatekna wacan ing ngisor iki!

### KANCIL NYOLONG TIMUN

Sawijining dina Kancil mlaku-mlaku ana ing pinggir alas. Ora krasa lakune tekan kebonan timun duweke Pak Tani. Nonton ana timun ijo-ijo katon seger, Kancil dadi luwe. Sabanjure Kancil lingak-linguk nggoleki sing duwe kebon timun. Amarga ora ana Kancil banjur mangan timun siji mbaka siji nganti wetenge wareg.

Sawise krasa wareg Kancil banjur mulih saka alas. Kancil dadi tuman mara menyang kebon timune Pak Tani kuwi mau. Saben dina Kancil nyolong timune Pak Tani. Suwene suwe Pak Tani krasa menawa timune saya kelong mbaka sithithik.

Sumber : [https://sdn\\_sebomenggalan.blogspot.co.id](https://sdn_sebomenggalan.blogspot.co.id).

Watake kancil ana crita rakyat kasebut, yaiku....

- A. nyolongan                    B. males                    C. srakah                    D. gragas
6. Wacanen sing setiti!

### Loper Koran

Bubar sholat subuh, strengenge ing sisih wetan durung mlethek. Nanging, Haris bocah cilik protholan SD sing wis rong taun ditinggal tilar donya wong tuwane, wis katon nlusuri dalan lan gang-gang ngeterake koran marang pelanggane. Sepedha onthel tuwa sing wis ora ana slebore, digenjot alon merga sikile gaduk-gaduk tuna.

Crita ing dhuwur kalebu jinise karangan ....

- A. argumentasi                    B. deskripsi                    C. eksposisi                    D. persuasi
7. Menthok-menthok takkandhani,  
Mung salahmu angisin-ngisini,  
Bokya aja ngetok,  
Ana kandhang wae,  
Enak-enak ngorok,  
Ora nyambut gawe,  
Menthok-menthok,  
Mung lakumu megal-megol gawe guyu.  
Isi tembang dolanan ing dhuwur yaiku ....
- A. bocah pinter                    C. bocah gantheng  
B. bocah kesed                    D. bocah sregep sinau
8. Gundhul-gundhul pacul gembelengan,  
Nyunggi-nyunggi wakul-kul gembelengan,  
Wakul ngglempang segane dadi **saratan**.  
Tegese tembung sing dicetak kandel, yaiku....
- A. saomah                            B. sakotak                    C. sadalan                    D. sameja

9. Rani tuku mawar abang. Yen ditulis nganggo aksara Jawa benere....

A. || ባጀጀ ማጀጀ ማጀጀ ማጀጀ  
B. || ባጀጀ ማጀጀ ማጀጀ ማጀጀ  
C. || ባጀጀ ማጀጀ ማጀጀ ማጀጀ  
~~D. || ባጀጀ ማጀጀ ማጀጀ ማጀጀ~~

10. Gatekna wacan ing ngisor iki!

Dina Sabtu tanggal 18 Juni 2016, neng Kecamatan Samigaluh Kulonprogo nepaki jam 5 esuk sawise sholat subuh kedadean tanah longsor. Ana loro omahe warga rusak amarga kejugrugen lemah sing ana ing mburi omah dheweke kabeh. Tanah longsor iki kedadean amarga udan sing deras neng kecamatan Samigaluh pirang-pirang dina. Patang warga dadi korban sajrone bencana alam iki, 2 tilar ndonya, 1 tatu-tatu, lan 1 maneh isih dadi panggolekane tim SAR.

Gagasan pokok paragraf ing dhuwur yaiku ....

- A. Patang warga dadi korban sajrone bencana alam iki.
  - B. Ana loro omahe warga rusak amerga kejugrugen lemah sing ana ing mburi omahe.
  - C. Tanah longsor iki kedadean amarga udan deras neng kecamatan Samigaluh.
  - D. Dina Sabtu tanggal 18 juni 2016 neng Kecamatan Samigaluh, Kulonprogo kedadean tanah longsor.

11. **Jawah** dipunmaweni angin kencang ingkang nempuh meh sedaya kabupaten/ kitha ing DIY ngakibataken maneka-warni bencana, ing antawisipun inggih punika wit ambruk ingkang kathah kedadosan ing kabupaten Sleman, dina Kamis sonoten (5/1/2017).

Kepala posko lapangan ing balai dhusun Sumberadi, kecamatan Mlati, Mayor Infantri Yacobus Totok Artono ngginemaken menawi *dampak* saking jawah angin kesebat inggih punika 67 wit ambruk, 78 griya terdampak, 4 titik jaringan PLN risak, uga fasilitas umum wujud gedhung PAUD uga MTS kembrukan wit.

Sumber : [>taq>basa jawa](http://www.liputan6.com)

Tembung jawah tegese yaiku....

- A. banir B. udan C. longsor D. lindu

12. Banjir lan udan dikantheni angin gedhe ing Dusun Timur, Desa Jalmak, Kecamatan Kota Sampang, Jawa Wetan. Bencana mau ngobrak-abrik tanduran parine para tani nganti bosah-basih.

Pari sing maune thukul ngadeg jejeg, saiki dadi nglumbruk, nglimpruk nganti lesoh ora karuh.  
Baris tani mbudidaya njeungake pari-parine supaya ora kesuwen kakum banyu udan.

"Yen ora diangkat, bisa bosok lan ora payu didol, amarga wis ora kena dipangan. Senajan bisa  
ngeunakeunan, ngeunakeunan ora enak," kandhang Sutiyem mbok Tani ing papan kono.

—*... dan miturut wacan ing dheweuh, yaiku*

- Pranyatan sing bener hantut wacan ing dhuwar, jenitun....

  - A. Para tani mbudidaya njejegake pari-parine supaya ora kesuwen kakum banyu udan
  - B. Para tani mbudidaya njejegake pari-parine supaya kesuwen kakum banyu udan
  - C. Para tani ora mbudidaya njejegake pari-parine supaya kesuwen kakum banyu udan
  - D. Para tani mbudidaya ngrrubuhna pari-parine supaya ora kesuwen kakum banyu udan

13. Ing jaman penjajahan Walanda, sekolah isih arang-arang mula kahanane bangsa Indonesia mrihatinake banget. Wektu iku bangsa Indonesia uripe sengsara, mlarat, lan bodho. Sing bisa sekolah mung putrane panguwasa utawa sing duwe pangkat. R.A Kartini uga disekolahake ramane

lan ing sekolah klebu bocah sing pinter. Sawise lulus Sekolah Rakyat ( SD ), R.A. Kartini  
diparengake nerusake sekolah maneh.

Nasibe bangsa Indonesia wektu penjajahan jaman Walanda ....

A. sengsara                      B. makmur

C. seneng

D. bungah

14. Anak polah bapak kepradah

Paribasan ing dhuwur tegese ....

A. Anak kepenak wong tuwa sara.

B. Anak lan wong tuwa padha senenge.

C. Tingkah polahe wong tuwa anak melu nanggung.

D. Tingkah polahe anak wong tuwa melu nanggung.

15. Raden Werkudara kuwi pance satriya kang....

A. gagah prakosa

C. sugih brewu

B. salang tunjang

D. malang megung

16. Kinanthi panglipur wuyung,

Rerenggane prawan sunthi,

Durung pasah doyan nginang,

Tapih pinjung tur mantesi,

Mendah gene yen diwasa,

Bumi langit gonjang-ganjang .

Isi tembang Kinanthi ing dhuwur yaiku....

A. Bocah sing nduweni sifat kaya wong tuwa.

B. Bocah sing nduweni sifat ala kaya wayang.

C. Bocah sing tumindake tansah nggregetake.

D. Bocah sing tumindake tansah ngrugekna wong liya.

17. Gatekna tembang ing ngisor iki!

#### Sinom

Sun iku dutaning nata,

Prabu kenya Majapahit,

Kekasih damar sasangka,

Atma mantune ki patih,

Magang anyar awak mami,

Lah ta bisma praptaningsun.

Guru lagu lan guru wilangane gatra sing nomer loro yaiku ....

A. 8u

B. 8i

C. 8e

D. 8a

18. Raden Janaka satriya panengahing Pandhawa putrane Prabu Pandhu Dewanata lan Dewi Kunthi  
kesatriyane ing Madukara. Wujude satria bagus tanpa cacat. Ing jagad ora ana tandhingane  
kebagusane amarga Janaka minangka simbol amal becik. Amal becik ora bisa pisah klawan swarga,  
kudu tumindak becik lan nindakake tuntunaning agama kanthi temen.

Amanah crita ing dhuwur yaiku ....

- A. ora bisa pisah klawan swarga  
B. satriya bagus tanpa cacat  
C. mujudake tumindak becik  
D. ora ana tandingane bab kebagusane

19. Becik ketitik ala ketara paribasan iku tegese sapa kang tumindak becik lan sapa kang tumindak ala bakal ketara dhewe ing tembe mburine. Kaya lelakone Pandhawa lan Kurawa, kadang Pandhawa tansah nuduhake watak kang becik seneng tetulung, lila legawa, pasrah marang Gusti kang Maha Kuwasa.

Watak sing diduweni Pandhawa ana wacan ing dhuwur yaiku....

A. ala B. sompong C. becik D. murka

20. || ၑ<sub>2</sub>O<sub>2</sub>|| ॥ Yen ditulis Latin unine....

A. Toni mangan kacang C. Doni mangan kacang  
B. Toni mangan kentang D. Doni mangan kentang

21. <sub>C</sub> pasangan sing ana ing tembung iki yaiku....

A. ma B. ka C. ha D. na

22. Jaman mbiyen akeh wong padha ngingu tawon. Biasane kabeh ngingu tawon mung kanggo duwe-duwenan wae. Kandhang tawon jenenge kluthuk, sing digawe saka glugu bunder sing disigar dadi loro, njerone dikrowaki ben bolong. Bolongan kuwi sing dienggo omahe tawon.

Ukara utama wacan ing dhuwur yaiku....

A. Glugu sing dikrowaki bisa dienggo omahe tawon.  
B. Omah tawon digawe saka glugu bunder sing disigar dadi loro.  
C. Jaman mbiyen akeh wong padha ngingu tawon.  
D. Biasane kabeh ngingu tawon mung kanggo duwe-duwenan wae.

23. Alas yaiku paru-paru donya. Kaya awak-awake dhewe, paru-paru penting banget kanggo ngatur oksigen lan karbondioksida ing jero awak. Semono uga alas, penting banget kanggo kauripan awake dhewe kanggo menehake hawa sing seger lan adhem. Dudu mung kanggo kauripan awake dhewe, ning uga kewan-kewan sing manggon neng alas.

Isi wacan ing dhuwur yaiku....

A. Alase rusak, paru-parune donya rusak.  
B. Alas penting banget kanggo sing urip ing alam donya.  
C. Alas Indonesia kuwi amba banget.  
D. Alas ing donya iki.

24. Ing pasar Wonokromo akeh wong sing padha dodolan manggoni bedhak-bedhak.

Ukara ing dhuwur sing tembungane oleh ater-ater anuswara yaiku....

A. padha B. manggoni C. bedhak D. dodholan

25. Pangkur  
Bocah-bocah dho sekolah,

Wiwit mbiyen nalika iseh cilik,  
Sregep anggone sinau,  
Wayah esuk lan awan,  
Nglakokake parintahé para guru,  
Lan bisa ngerti agama,  
Agama ngarsaning Gusti.  
Guru gatra tembang Pangkur ing dhuwur ana....

- A. 5 B. 6 C. 7 D. 8

26. (1) Mijil  
(2) lir-ilir  
(3) Gundhul-gundhul pacul  
(4) Kinanthi  
(5) Pucung  
Sing kalebu jenise tembang macapat yaiku....  
A. 1-2-3 B. 1-3-4 C. 1-3-5 D. 1-4-5

27. Nduweni watak asih asuh, sasmita gandheng, kanthet lan guru gatra 6 kalebu ciri-ciri tembang macapat yaiku....  
A. Pucung C. Kinanthi  
B. Mijil D. Dhandhanggula

28. Rukun agawe santosa, crah ....  
Paribasan ing dhuwur iku terusane sing bener yaiku ....  
A. agawe lumrah C. agawe susah  
B. agawe bungah D. agawe bubrah

29. Kebo kabotan sungu. Bebasan iki tegese....  
A. Wong kang kesrakat uripe merga kakehan anak .  
B. Wong kang kesrakat uripe merga dhemen apus-apus.  
C. Wong kang kesrakat uripe merga dhemen mangan turu.  
D. Wong kang kesrakat uripe merga kakehan pakaryane.

30. Cangkriman sing batangane “ ontong gedhang “ yaiku ....  
A. Pitik walik saba kebon.  
B. Ana gajah numpak becak.  
C. Sega sakepel dirubung tinggi.  
D. Pak Demang klambi abang, disuduk manthuk-manthuk.

31. Sega .... dirubung tinggi.  
Ukara cangkriman iki yen dijangkepi benere....  
A. sakepel C. saentong  
B. sagegem D. sawakul

32. Cebloke mengisor, sing digoleki mendhuwur. Batangane ....  
A. benik klambi C. prau bocor  
B. andha pring D. gentheng bocor

33. Teks sesorah (pidhato) ing ngisor iki wacanen kanthi setiti!

Puja lan puji syukur sumangga sami kita aturaken dhumatheng Gusti Ingkang Maha Agung, ingkang sampaun paring kawilujengan, saengga ing wekdal punika dipunpanggihaken ing pasamuan ngriki.

Minangka wakilipun kanca-kanca kelas 6, kula ngaturaken agunging panuwun dene bapak saha ibu sampaun kersa rawuh ing pasamuan ingkang kula wontenaken punika. Pasamuan punika minangka raos syukur dene kanca kanca kelas 6 saged lulus sedaya.

Isi pidato ing dhuwur yaiku ....

- A. Raos syukur kelas 6 saged lulus sedaya.
- B. Minangka wakilipun kanca kanca kelas 6.
- C. Puji syukur dhateng Gusti pinaringan kawilujengan.
- D. Ungkapan matursuwun bapak ibu kersa rawuh.

34. Assalamualaikum Warohmatullahi Wabarakatuh.

Kula minangka wakil saking siswa kelas 6, ngaturaken agunging panuwun ingkang tanpa upami dhumateng para Bapak Ibu Guru, awit saking sih katresnan anggenipun nggulawenthah dhumateng kula sakanca, saengga saget ngrampungaken kewajiban kula sakanca anggenipun ngangsu kawruh.

Ukara sing digaris ana teks pidhato resmi ing dhuwur benere....

- |                            |                    |
|----------------------------|--------------------|
| A. Para Bapak lan Ibu Guru | C. Para Bapak guru |
| B. Bapak Ibu guru          | D. Para Ibu guru   |

35. Bapak saha ibu ingkang kinormatan, mas-mas lan mbak-mbak siswa kelas enem ingkang bagya mulya. Bapak ibu guru ingkang tlaten lan sabar anggenipun nggulawenthah kula ngantos lulus. Kula sakanca ngaturaken matur nuwun dhumateng bapak saha ibu guru. Cekap semanten atur kula, menawi wonten kirang langkung atur kula, nyuwun agunge pangaksami.

Perangane pidhato ing dhuwur kalebu....

- |                   |                       |
|-------------------|-----------------------|
| A. bebuka         | C. isi lan penutup    |
| B. bebuka lan isi | D. bebuka lan penutup |

## II. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki!

36. Mbok Rondho Dhadapan kagungan putra 4 wadon kabeh, yaiku Klenting Ijo, Klenting Biru, Klenting Abang, lan putra kuwalon siji arane Klenting Kuning. Ing sawijining dina putrane Mbok Rondho Karang Wulasan kang aran Andhe-Andhe Lumut kepengin golek bojo. Amarga kang aran Andhe Andhe Lumut iku priya kang bagus rupane, mula akeh para putri sing padha ngunggah-unggahi.

Mbok Rondho Karang Wulasan bingung, amarga bocah sing ayu-ayu ora ditampa dening Andhe Andhe Lumut, apa maneh iki bocahe ala. Sepira kagete Mbok Rondho sawise ngerti Klenting Kuning ditampa dadi calon bojone amarga ayu rupane lan apik bebudene. Sore iku tiba titiwanci siraman calon penganten nganggo kembang setaman.

Saka wacan kasebut, sapa paraga (tokoh) utamane lan kepriye watake ?

37. Tulisen ngganggo aksara Jawa tembung “ Jaran Putih ” !

38. Thomas Alva Edison

Thomas Alva Edison lair ing Milan,Amerika Serikat.Nalika isih cilik dheweke tansah oleh biji elek, mulane Edison banjur metu saka sekolah lan diwulang dening ibune dhewe. Nalika umur 12 taun Edison wiwit kerja dodolan koran, woh-wohan, lan kembang gula neng sepur.

Taun 1879 Thomas Alva Edison nemokake lampu listrik, uga nemokna proyektor kanggo film-film cilik.Taun 1882 Thomas Alva Edison masang lampu-lampu listrik neng dalan-dalan lan omah-omah neng kota New York. Taun 1890,Thomas Alva Edison ngedegake perusahaan *General Electric*.

(*Buku Siswa Kelas 6 Tema 3*)

Tulisen dudutan (simpulan) saka wacan ing dhuwur!

39. Budi ora gelem mangan amarga *njagakna ndhoge blorok*.

Apa tegese paribasan ing dhuwur ?

40. Tulisen tuladha ukara pambuka teks pidhato kanthi tema “Kebersihan

Lingkungan” !